Modern education and development ISSN: 3060-4567

# OQIWSHILAR BILIMIN TEKSERIW HÁM BAHALAWDIŃ. AYIRIM MASHQALALARI

***Yuldasheva Mohinur Yangiboy qızı***

*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Magistratura bólimi "Pedagogika" qánigeligi 2-kurs magistrantı*

*Ilimiy basshı:* ***Saparbaev Tájibay***

*NMPI Pedagogika kafedrası professor w.w., p.i.k.*

***Tayanısh túsinikler:****Oqıwshılar bilimin tekseriw, bilimdi tekseriwdiń túrleri, bilimdi bahalaw, mektep oqıwshıları, awızsha sorawlar, óz betinshe tapsırmalar orınlaw, test sınaqları, hár-túrli jazba jumıslar, laboratoriyalıq isler, tájriybe sınaw jumısları.*

***Annotaciya:*** *Ilimiy maqalada mektep oqıwshılarınıń bilimin tekseriw hám bahalawdıń pedagogikalıq áhmiyeti, oqıwshılardıń bilimin tekseriw usılları,jolları. Bilimdi tekseriwde hám bahalawda ushrasatuǵın mashqalalar hám olardı sheshiw jolları keń sóz etiledi.*

***Abstract:*** *In the scientific article, the pedagogical significance of checking and assessing the knowledge of schoolchildren, methods and ways of checking the knowledge of students. Problems encountered in the assessment of knowledge and ways to solve them will be discussed in detail.*

***Аннотация:*** *В научной статье рассматривается педагогическое значение проверки и оценки знаний школьников, а также методы и способы проверки знаний учащихся. Широко обсуждаются проблемы, возникающие при проверке и оценке знаний, и пути их решения.*

Ulıwma bilim beriwshi orta mektep oqıwshıların klasstan klasqa kóshiriw sonday-aq juwmaqlawshı attestaciyasın ótkeriw tártibi xalıq bilimlendiriw ministrliginiń kórsetpesine tiykarlanadı. mekteplerde hár bir sherek tamamlanǵannan keyin oqıwshılardıń bilimin tekseriwdiń juwmaqları eń joqarı reyting balldan baslap eń tómen ballǵa shekem tártipke salınıp arnawlı dizimge alınadı. Mektep muǵallimleri, klass basshıları sherek aqırlarında ata-analar jıynalıslarын shaqırıp balalarınıń sabaqlardan úlgeriw jaǵdayların esittiredi. Sherek dawamındaǵı oqıwshılardıń oqıw jumıslarına qatnası toplaǵan balları, bahalarına tallawlar jasaydı.

Mektep basshıları tómen ózlestiriwshi oqıwshılardıń ata-analarına balalarınıń ózlestiriw jaǵdayların málim etedi, al joqarı bahalarǵa ózlestirgen balalardı xoshametleydi. (maqtaw jarlıqların beredi, ata-analarǵa raxmetler aytıp xat jazadı t.b.)

Mekteplerde oqiwshılar bilimin tekseriw hám bahalaw kúndelikli, aralıq, juwmaqlawshı, sonday-aq, mámleketlik attestaciya sistemasında alıp barıladı. Bunda tekseriw túrleri hám metodları hár túrli formada qollaniladi. Awizeki soraw, óz betinshe tapsırmalardı orinlaw, test sınaqları, hár túrli jazba jumislar, laboratoriyalıq jumislar, tájiriybe sınaw jumısları h.t.b.

Oqıwshılar bilimin awızeki tekseriwde sorawlar, juwaplar awızeki formada ámelge asırıladı. Tekseriwdiń bul túri barlıq pánlerde oǵada keń qollanıladı. Oqıw jumıslarında tekseriwdiń bul túri oǵada áhmiyetli tekseriw túrleriniń biri bolıp esaplanadı. Tekseriwdiń bul túri kúndelikli tekseriwde, aralıq tekseriwde sonday-aq juwmaqlawshı tekseriw hám bahalawlarda keń qollanıladı.

Kópshilik jaǵdaylarda awızsha beriletuǵın sorawlar frontal (hámmege ortaq) formada berilip juwaplardı jeke oqıwshı tárepinen qaytarıw talap etiledi. Ayırım waqıtları sorawlar jeke oqıwshılarǵa

da beriliwi múmkin. Bunday sorawlar frontal sorawlarga qosimsha berilgen sorawlar bolip esaplanadi. Ayırım jaǵdaylarda klass oqıwshılarına topar-topar formada sorawlar berilip, topardaǵı oqıwshılar sorawdıń juwabına birgelikte tayarlanadı, durıs dep tapqan juwaptı topardan bir oqıwshı aytıwı múmkin. (awızeki soraw-juwaptıń bul túri interaktiv oqiw metodlarında keń qollanıladı).

Oqıwshılardıń bilimin tekseriw hám bahalawda jeke oqıwshılarǵa sorawlar berip juwaplar alıwda keń qollanıladı. Mámleketlik bilimlendiriw ólshemlerine tiykarlanıp otırıp hár bir pán. boyınsha tekseriwdiń belgili túrleri kórsetiledi, tekseriw hám bahalaw ólshemleri islep shıǵıladı. Oqıtıwshılar hár bir pánniń sabaq jobasın dúziwde puqta oylanıp sorawlar toplamın dúzedi hár bir oqıwshınıń bilimi tema boyınsha, bólim boyınsha pán boyınsha jeke túrde awızeki sorawlar boyınsha anıqlanadı. Muǵallim bergen sorawdı oqıwshı óz betinshe faktli materiallar menen keltirip óz betinshe tallawlar jasap, salıstırıp, jekke-den ulıwmaǵa, ulıwmadan jekke-ge baǵdarlanǵan jaǵdayda juwmaqlar shıǵarıp juwaplar beriwi tiyis.

Tájiriybeli muǵallimler jeke túrde awızsha soraw waqtında bilimli, uqıplı oqıwshılardıń juwapların tıńlawǵa pútkil klass jámáátiniń dıqqatın tartadı. Úlgili oqıwshı sorawlarǵa tolıq juwap berip bolǵannan soń muǵallim basqa oqıwshılarǵa sorawlar berip juwaplar alıwǵa háreket etedi. Nátiyjede basqa oqıwshılar úlgili oqıwshınıń bergen juwaplarına, alǵan bahasına qızıǵıp, jarısıp olarda muǵallimniń sorawlarına juwaplar beriwge, jaqsı bahalar alıwǵa háreket etedi. Mugallim úlgili oqiwshılardı doska aldına shaqıradı hám doskada awızeki bergen juwapların dálillew maqsetinde shinigiw jumısların orınlawdi talap etedi. Oqıwshı doskada ámeliy jumıslardı orınlaydı. (esap shıǵaradı, taza sózlerge gáp quraydı, belgili formula

tiykarında jumis orinlaydı hám t.b.) Mugallim balaga tiyisli bahasın qoyadı.

Geyde tájiriybesiz jas muǵallimler jaqsı úlgermeytuǵın balalardan sorawlarǵa juwaplar alıwdı birinshi ret ámelge asıradı. Bul jaqsı nátiyje bermeydi. Kerisinshe balalardıń sabaqqa, pánge degen qızıǵıwshılıǵın páseytip jiberedi. Tájiriybeli mugallimler ayırım balalardı taxta aldına shaqırmay ornınan turip juwap beriwdi talap etedi. Sebebi bala minez-qulqı boyınsha tartınshaq, uyalshak bolıwı múmkin, onı muǵallimniń ózi bilip solay háreket etedi. Geyde, ásirese baslawısh klaslarda sorawǵa juwap beriwdi muǵallim balanı óz stolınıń qasına shaqıradı, bala sorawǵa juwaptı sol jerde beriwge háreket etedi. Sebebi bul bala muǵallimniń járdemine mútáj, onı muǵallimniń ózi jaqsı bilgenlikten sorawǵa juwap beriwdi usılayınsha talap etken.

Mine tek muǵallimniń awızsha bergen sorawlarına mektep oqıwshılarınıń beretuǵın juwaplarında bir neshe mashqalalardıń bar ekenligi málim boldı. Haqıyqatında da oqıwshılardıń bilimin tekseriw hám bahalaw oqıtıw sistemasında oǵada áhmietli, juwapkershilikli jumıslardıń biri bolıp esaplanadı. Oqıwshılardıń bilimin tekseriw qanshelli ádil bolsa, mugallimniń balalar aldında abırayı sonshelli joqarı boladı. Mugallim tárepinen joqarı koterip qoyilgan baha oqıwshınıń bilim aliwga degen, oqiwga degen qızıǵıwshılıǵın birqansha páseytip jiberedi. Mugallim tárepinen balanıń bilimine bilqastan tómenletip qoyilgan baha álbette mugallimniń ádalacızlıǵın bildiredi.

Reyting sisteması tórt túrli xizmetti atqaradı: tekseriwshi, bilim beriwshi, tárbiyalawshi hám rawajlandırıwshı. Tekseriwshi xizmet reyting sisteması orınlaytuǵın barlıq xizmetler ishinde yeń baslı xızmet bolıp tabıladi. Bilim beriwshi, tárbiyalawshı hám

rawajlandırıwshı xizmetler reyting sistemasının qosimsha xizmeti esaplansa da olar bir qatar mashqalalardı sheshiwge júdá úlken járdem beredi.

Tekseriw hám bahalawdiń orınlaytuǵın bul tórt xızmeti milliy tálim-tárbiyanıń maqsetine, oqıwshılardıń bilimdi iyelew basqıshlarına AB, KB, JB, sırtqı hám ishki tekseriw túrlerine baylanıslı túrlishe júzege shıǵadı, ayırım jaǵdaylarda ayırımlarınıń xızmeti ústin keledi. Reyting sistemasınıń tekseriwshi xizmeti hárbir oqıwshınıń hám klass jámáátiniń mámleketlik bilimlendiriw standartı talapların orınlawınıń hám oniń tiykarında dúzilgen oqiw bagdarlaması materialların ózlestiriwinin sapasın, keleshekte bilim, uqıplılıq, kónlikpelerdi iyelewdegi imkaniyatların anıqlawdan ibarat. Sonday-aq, ol mugallim tárepinen qollanilgan dástúriy emes oqitiw hám de sabaq túrleriniń oqitiw metodları menen kórgizbeli texnikalıq qurallardıń, jana pedagogikalıq texnologiyalardıń nátiyjeliligin tekseriw quralı bolip xizmet etedi.Reyting sistemasınıń bilim beriw xizmeti bilim, uqıplılıq, kónlikpelerdi tekseriw hám bahalawdıń barlıq oqiwshılar ushin paydalı boliwin talap etedi. Oqıwshılar joldaslarınıń mazmunlı hám dálilli juwapların tıńlap, ózleri de soraw-juwapqa jedel qatnasıp, qıyın hám tómen ózlestirilgen tema, bólim boyınsha muǵallimniń qosımsha túsindirmesin esitip ótilgenlerdi tákirarlaydı, hár qıylı shınıǵıwlar islep, mısal, másele, testler sheship, dóretiwshilik jumıslardı hám ámeliy tapsırmalardı orınlap oqıw materialın sanalı tereń hám hár tárepleme tiykarlı ózlestirip aladı.

Reyting sistemasınıń tárbiyalıq xızmeti oqıwshılarda joqarı insanıylıq pazıyletlerdi qáliplestiriwdi maqset etedi. Mısalı óziniń wazıypasın túsiniw, qádir-qımbatın ańlaw, unamsız islerden ózin uzaq saqlaw, tártiplilik, shıdamlılıq, kishipeyillik, qıyınshılıqlardı

jeńiw, baslaǵan isti aqırına jetkeriw, oqıwǵa qızıǵıw, óz ústinde sistemalı islew, hadallıq, ras sózlilik, wádege sadıqlıq, hújdanlılıq, óz betinshelik, durıslıq, ózin-ózi tekseriw hám bahalaw, ózin-ózi basqarıw, ózin-ózi tárbiyalaw hám t.b. Reyting sistemasının rawajlandırıwshı xızmeti bilim beriwshi hám tárbiyalı xızmetleri menen tıgız baylanısta oqiwshılardıń psixikalıq sıpatların, biliw kúshleri hám biliw qábiletlerin, óz betinshe erkin pikirlewlerin, dóretiwshilik oyın xarakter qásiyetleri hám erk qásiyetlerin jetilistiriwdi názerde tutadi. Mugallimniń reyting sistemasınıń atqaratuǵın bul xizmetlerin hár tárepleme biliwi, oqiwshılardıń bilim, uqıplılıq, kónlikpelerin sheberlik penen tekseriwi hám bahalawi mámleketlik bilimlendiriw standartı talapların turmısqa tabıslı asırıwǵa járdem beredi.

Bilimdi tekseriwdiń hám bahalawdıń tiykarǵı usıllarına jazba jumıslar hám óz betinshe jumıslardıń barlıq túrleri kiredi. Jazba jumıslardıń hám óz betinshe jumıslardıń jaqsı nátiyje beriwi tekstlerdi durıs tańlawǵa hám oqıwshılardıń dıqqatın bir jerge jıynay alıwǵa baylanıslı. Baqlaw ushın berilgen tapsırmalardıń mazmunı belgili hám mánisi jaǵınan anıq bolıwı kerek.

Oqıwshı tapsırmalardı orinlaw ushin qaǵıydalardı, túsiniklerdi, nizamlardı eske túsiriwdi biliwi kerek. Eger baqlaw hám óz betinshe jumıslarǵa ekinshi dárejeli qosımsha tapsırmalar berilse, (mısalı: grammatikalıq tallaw ushın júdá uzın tekst yamasa matematikalıq esaplawǵa quramalı sanlar beriledi) álbette oqıwshılar ushın qıyın boladı.

Mugallim ádette tiykargi mazmuni tekseriletuǵin temalarga sáykes ótken sabaqlardan tákirarlawlardı shólkemlestiriwi kerek. Oqıwshılar qaǵıyda hám túsiniklerdi eske túsiredi, óz betinshe islenetuǵın shınıǵıw jumısların orınlaydı. Bul óz bilimine bolǵan

isenimdi arttıradı. Sabaqlarda jumıs islewge qolaylı sharayatlar dúziw oqıwshılardıń nátiyjeli jumıs islewiniń eń áhmietli shárti bolıp esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**


1. Ш.М.Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. - Т.: " Ўзбекистон", 2016.

2. Ш.М.Мирзиёев Танқидий таҳлил, қатъий тартиб - интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятини кундалик қоидаси бўлиши керак. - Т.:" Ўзбекистон", 2017.

3. A.Q.Munavvarovning umumiy tahriri ostida. Pedagogika. T.: «O`qituvchi», 1996 .

4. R.Mavlanova va boshqalar. Pedagogika. T.: 2002.

5. Q.Qosnazarov. A.Pazılov, A.Tilegenov «Pedagogika» Nókis.: «Bilim» baspasi 2009.

6 T.Saparbaev "Pedagogikanıń pragmatik aspektleri " Nókis " PRINT DARHAN" 2025


**Elektron ta'lim resurslari**

1. www. tdpu. Uz
2. www. pedagog. Uz
3. www. Ziyonet. Uz